

TIPOLOGI GEGURITAN

# KANGEN SEKOLAH

KARYA:  
SISWA KELAS IX  
SMPN 1 KEDIRI



EDITOR: INDAH WIDIUTAMI, S.Pd.



**TIPOLOGI GEGURITAN**

# **KANGEN SEKOLAH**

**Karya :**

**Siswa Kelas IX**

**SMP Negeri 1 Kediri**

**Editor : Indah Widiutami, S.Pd.**

---

## KANGEN SEKOLAH

Penulis : Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Kediri  
Editor : Indah Widiutami, S.Pd.  
Tata Letak & Desain Cover : Gigih Wahyu Pratama  
Ukuran Buku : 14 x 21 cm  
Tebal : 82 halaman

Diterbitkan oleh Presiden Jaya Offset

Cetakan I bulan tahun

ISBN .....

---

Undang-Undang RI

Nomor 19 Tahun 2002 Tentang Hak Cipta

Ketentuan Pidana

Pasal 72 :

2. barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran hak cipta atau hak terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1), dipidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/denda paling banyak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

## ATUR PANGGIRING

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun gusti ingkang Maha Kuwaos dene buku kumpulan geguritan (antologi geguritan) karya siswa kelas IX SMP Negeri 1 punika saking asilipun ujian praktek sampun rampung lan saget didadosaken buku literasi.

Kanthi wontenipun buku Antologi Geguritan punika dipun ajab sageta mbantu para siswa kangge nyinaoni bab geguritan. Ugi supados saget maringi “motivasi” para siswa lintunipun kersanipun gadhah “greget” kangge nulis geguritan.

Buku Tipologi Geguritan punika mbok bilih taksih tebih saking kasampurnan, amargi inggih taksih ajaran kanggenipun siswa-siswa saget ngripta geguritan, mila saking menika kula ingkang dhapuk editor nyuwun gunging samodra pangaksami.

Cekap semanten ingkang saget kula aturaken, mugi buku punika wonten manfaatipun kangge pasinaonan Basa jawi bab Geguritan.

Nuwun.

## DAFTAR ISI

ATUR PANGGIRING .....	i
DAFTAR ISI .....	ii
Kangen Sekolah.....	1
Angen-Angenu .....	2
Sinar Rembulan Pendidikan .....	3
Lulus Tanpa Pepisahan.....	4
Sinau ing Spenesa.....	5
Spenesaku .....	6
Pepisahan.....	7
Kenangan .....	9
Pagebluk Virus Korona .....	10
Aja Sambat .....	11
Bengi Iki .....	12
Rusak .....	13
PACOBAN .....	14
Nyupena Awon.....	15
Segara Biru .....	16
Esuk ing Sawah .....	17
MaturNuwun Guruku .....	18
Mawar.....	20
Desaku .....	21
Virus Corona .....	22

Ngibadah marang Gusti.....	23
Covid-19 Rungokna.....	24
Pandhemi.....	25
Nggranggeh Pangimpen.....	26
Surup.....	27
Mangsa Rendheng.....	28
Ing Taman Cedak Omahku.....	29
Sekar.....	30
Cahya Lintang.....	31
Makna.....	32
Pahlawan Kamardikan.....	33
Guru.....	34
Swarga Nuswantara.....	35
Cahya.....	36
Rembulan.....	37
Amerga corona.....	38
Ibu.....	39
Sinau.....	40
Penyemangatku.....	41
Wengi.....	42
Lintang.....	43
Banjir.....	44
Mega.....	45
Lathi.....	46

Dunya Akhirat .....	47
Kanggo Awakmu .....	48
Pageblug .....	49
Bareng karo Udan .....	51
Asih Tresnane Ibu .....	52
Tunas Bangsa .....	53
Akhirat .....	54
Kanca Ku .....	55
Guruku .....	56
Corona .....	57
Sumelang .....	58
Srengenge .....	59
Endahe Alam .....	60
Tresna .....	61
Ibu .....	62
Omahku .....	63
Bapak .....	64
Guru .....	65
Sepurku .....	66
Kanca Sejati .....	67
Kupu-Kupu .....	68
Kanca .....	69
Gunung Kelud .....	70
Atiku .....	71



Kekancan .....	72
Rembulan.....	73
Janjiku.....	74
Ora Apa Apa.....	75
TPQ KU.....	76
Amarga Corona .....	77
Buwana Tuwa .....	78
Cahya Lintang .....	79
Tresna Kaluwarga.....	80
Gotong Royong .....	81
Ngendikane Ibu .....	82





## Kangen Sekolah

Dening : Clarista Aqila F (9A)

Aku bungah sekolah ing SMPN 1 Kediri  
Dak lakoni dina-dinaku kanthi semangat  
Isuk-isuk aku budhal mburu ilmu  
Supaya kelakon panggayuhku besoke

Aku kangen mlebu sekolah maneh  
Ketemu Bapak – ibu guru maringi ilmu  
Ketemu kanca-kancaku  
Bisa sinau bareng....gegojekan

Isih sethithik angenku mlebu sekolah  
Dumadagan ana virus corona  
Kabeh dilereni anggone mlebu sekolah  
Rasa gela atiku mbuyarne angenku

Sampek kapan prastawa pait iki  
Wis ana sakwarsa anggonku sinau daring  
Iku bakale dadi kelulusan wersi corona  
Kapan aku bisa sekolah  
Aku kangen sekolah

## Angen-Angentu

Dening: Fitria Shafa Ardianti (9B)

Angen-angen sajroning ati

Ora ketemu sapatdha-padha nganti saiki

Kabeh mung gari sawetas kenangan

Ngenteni kapan bisa ketemu maneh kaya biyen

Saupama kabeh isih kaya wingi

Guyon bareng kanca-kanca kemrupyuk mbukani crita

Ngenani dina-dina kang wis lumaku

Kabeh dilakoni bareng-bareng kanthi susah lan bungah

Nanging saiki .....

Rasane mung kaya ngimpi

Crita iki arep paripurna

Saka kita angkatan paling tuwa

Gegayuhan nyuwun marang Gusti ingkang akarya jagad

Kabeh bencana.....

Enggal rampunga

Kapan angen-angen iki.....

Dadi kasunyatan sejati

## Sinar Rembulan Pendidikan

Dening: Fitria Shafa Ardianti (9B)

Kasorot cahyane sing sumringah....

Kanths sabar lan ngati-ati ngadepi murid-murid

Kabeh ditindakake

kanggo murid supaya pinter

Paring ilmu kang ora nyawang wektu

Ndadekake manungsa ingkang migunani

Panas srengenge ora ndadekne sungkawa

Tanpa keluh tanpa pamrih

Ngabd ing bumi pendidikan

Kayata sinar rembulan....

Nerangi jagad gawe pepadhang

kanggo generasi bangsa

Ndhidhik anak bangsa kanthi tulus

Mulang tata krama

Supaya bisa dadi manungsa

Sing tliti tanpa nglarani

Mugi pinaringan berkah

Gusti Allah kang murbeng dumadi

kanggo panjenengan....

Guruku

## **Lulus Tanpa Pepisahan**

Dening : Syifa Amelia Suryana (9E)

Ora krasa wis telung taun cepet banget.

Elingi nalika pisanan ketemu.

Isih isin siji lan sijine.

Isih pada kaku-kakune

Setahun setengah bareng kayak gak kerasa

Nanging, kabeh rencana ilang amarga corona.


Rencana ngrasakake pungkasan ing sekolah ilang.

Saiki, Kabeh mung kenangan ing pikiran.

Rasane kudu ora ikhlas

Isih pingin baleni bareng-bareng

Nanging takdir ora isa diganti



## **Sinau ing Spenesa**

Dening : Alicia Hartadi (9A)

Spenesaku...

Panggonan anggonku pados ilmu

Diwulang dening bapak lan ibu guru

Dituturi supaya migunani kanggo negriku

Gedungmu katon gumegrah

Tentrem lan asri lingkungane

Wit-wit kang ijo royo-royo

Ndadekake tentrem kanggo pados ilmu

Dolanan karo kanca-kanca

Sinau lan pados ilmu bebarengan

Ngguyu lan nelangsa bebarengan

Rasane wis kaya seduluran

Kahanan saiki wis ora padha

Pados ilmu saka griya

Ora bisa pethuk para kanca

Kangen rasane bisa sinau ing spenesa

## Spenesaku

Dening : Renata Ariella (9A)

Bagaskara jumedhul saka wetan

Tandha aku kudu semangat

kanggo ngudi ilmu

Ing sekolahku kinasih

Tasku takdeleh pundhak

Sinambi mlaku nyusuri sekolahku kinasih

Yaiku Spenesa

Sekolah paling apik ing Kutha Kediri

Ing Spenesa,

Ilmu tak tuntutan

Prestasi tak ukir

Budi pekerti dadi pakulinanku

Spenesaku, maturnuwun

Wes dadi panggonku nuntut ilmu

Telung taun ing Spenesaku

ora bakal tak lalike

Bakal tak ukir Spenesaku

Kanthi kesuksesanku....



## Pepisahan

Dening : Salsabilla Nadia Kirana (9D)

Esuk kuwi langit kadang Mendung kadang ora

Kaya ngerti apa arti kabeh kuwi

Esuk kuwi pisahan wis teka

Nggawa bahagia uga duka

Bahagia merga kita wis kumpul maneh

Uga duka merga kita pisah

Nempuh cita-cita sing beda

Lan ora tahu suk kapan ta temu bali

Lan aku ngarep-arep

Muga-muga neng dina esok

Awake dhewe kabekan

Ngraih cita-cita sing dikarepna

Bareng karo doa sing ngiringi awake dhewe

Lan aku ngarep-arep

Muga-muga awake dhewe bisa

Ketemu neng liya wektu

Guyon lan gumuyu kaya wektu awake dhewe bareng

Sanajan ora saakeh kaya wektu kuwi  
Akh, rasane aku pengen nangis  
Lan njaluk wektu kanggo dibalen bali  
Nanging.....

Masa-masa kuwi wis liwat  
Lan masa ngarep sing arep nunggu  
Kanggo awake dhewe miwiti

Kanca,  
Pesen ku elinga terus  
Neng wektu awake dhewe berjuang  
bareng neng sekolah iki  
Kanggo dadi siswa sing berprestasi  
Lan elinga terus persahabatan kita

## **Kenangan**

Dening : Nabila Putri Kinanti (9E)

Wektu gak kerasa wes mlaku semono cepete

Ninggalake sayuta kenangan

Ana seneng, ana susah

Kabeh wes teka neng alure urip iki

Aja getun karo seng wes dilakoni

Aja mbok tangisi kenangan ala ing jaman mbiyen


Nanging sawangen dina esok sing bakal mulya

Dalan isih amba

Isih ana wektu kanggo mawas diri

Lan aja terus-terusan klelep ing masa lalu

Amarga iku duduk tujuan uripmu



## Pagebluk Virus Korona

Dening : Alicia Hartadi (9A)

Surya gingsir dadi tanda

Rembulan dadi titikan

Pagebluk teka ing Nuswantara

Yaiku virus korona

Anggawe owah ing tatananing donya

Nyuda kegiyatane manungsa

Pada ing omah saben dina

Pratanda enggal pada waspada

Sekolah saka omah

Makarya saka omah

Kabeh kegiyatan digarap saka omah

Kudu jaga jarak marang wong liya

Siswa ora pethuk dwija

Siswa ora pethuk kanca

Nangga dadi mala

Corona enggala lunga

## Aja Sambat

Dening : Alma Kissa Nanditya (9A)

Jare pengin pinter, ning aras – arasen sinau

Jare pengin isa, ning ora gelem rekasa

Jare pengin nemu beja, ning ora gelem ndonga

Jare pengin sukuri mulya, ning saiki ora sregep ngupaya

Kaya dene wong munggah gunung


Kudu kuat lakune

Kudu kuat tekate

Sapa temen bakale nemu

Mula ayo sing padha semangat

Aja gampang sambat



## Bengi Iki

Dening : Berlian Aulia Putri (9A)

Mripatku tak tutup

Nggayuh lintang sing rasane adoh banget

Tanganku ngambang bebas ing awang-awang

Angin wengi rasane adhem

Jangkrik pada meneng bengi iki

Swasana ayem tentrem uga tegang

Gremis nelesi pipi

Tanganku dak nutupi wajah maneh

Ninggalake banyu kang kekumpul

Kaendahane peteng iki

Ora ana jerit utawa gebugan

Atiku ayem

Lan jiwaku tentrem kanggo selawas-lawase

## Rusak

Dening : Berlian Aulia Putri (9A)

Rusak

Alasmu lagi kobong

Ninggal nangis lan kuciwa

Manungsa iku wis ilang akal budine

Ijomu wis ora katon

Ngganti asap kang mundhak dhuwur ing langit

Dheweke nyoba peduli

Senajan ego bakal bisa ngontrol maneh

Atiku kelaran

Amarga sing peduli wedi

Apa sing bakal kelakon

Duh Gusti, paringana kesempatan

Ana esem lan geguyonan ing antarane bumimu sing alon-alon

pulih

## PACOBAN

Dening : Carissa Aulia R.S. (9A)

Adhuh..

Kenging punapa susah sanget

Kenging punapa mbingungaken sanget

Nyebabaken sirah kula ngelu

Lan ndamel sumedot wonten sakjroning ati

Kalem, aja grusa grusu

Sedanten punika pacoban

Mendel ingkang mboten wonten pungkasanipun

Saha wekdal terus mlampah alon-alon

Ngajeng-ajeng pikantuk kasil ingkang sae

Ngajeng-ajeng supados enggal paripurna

Bismillah, punika ingkang dipunwastani pacoban

Mugi Allah paring kekiyatan

Lan margi ingkang padhang...

Aamiin



## Nyupena Awon

Dening : Clarissa Dwi Agustin (9A)

16 Maret 2020

Tanggal kadadosan nyupena awon niki

Sedaya ngraosaken sisah

mboten namung tiyang setunggal

Namung saget memuji

enggal wangsul malih

Pados kawilujengan

damel nylametaken kawontenan

Mila ....


mboten katah ingkang enget

Bilih ingkang nebihaken

malah maringi pitedah ingkang benten

ingkang dipunpadosi

dangu.....



## Segara Biru

Karya : Cut Najwa Kasih Pasya (9A)

Segara biru....

Ketingal inggil ombakipun

Kalih suwanten gebyar-gebyur

Menawi pecah ing tengah segara

Segara biru sinawang endah

Mbekta alun dhateng tepi pasisir

Ageng kados baita

Ngemutaken kita.....

Keagenganipun Gusti ingkang akarya jagad



## Esuk ing Sawah

Dening : Farabiana Indira Pamungkas (9A)

Nalika swarane jago kluruk,  
aku weruh esuk wis mampir  
Bagaskara ingak-inguk saka sisih wetan  
Manuk-manuk wiwit nembang kriak-kriuk  
Mabur mrana-mrene kaya wong nari

Mlaku-mlaku ngrasakne swasana esuk  
Keweruh tanduran katon ijo royo-royo  
Entuk hawa seger lan semilir angin  
Gawe pikiran tentrem lan ati seneng



## MaturNuwun Guruku

Dening : Farza Adistana Tafarel (9A)

Guruku...

Panjenengan kaya sinar cahya

Kang madhang ing pepeteng alam donya

Panjenengan kaya tetese bun

Kang menehi adhem ing panase jiwa

Guruku...

Liwat tangan cilik iki, kita bisa miwiti sinau nulis

Liwat piwulang guru, kita bisa miwiti sinau cara ngeja

Liwat piwulang jenengan, kita bisa miwiti maca angka

Panjenengani pancen tulus nuntun kita nganti bisa

Guruku...

Ketulusan guru ora bisa lunas

Tanpa guru, kita ora ana apa-apa

Malah kita dudu apa-apa

Asmanipun jenengan wis nemplek ing ati

Guruku...

Nyuwun ngapunten sedaya kaluputan

Kita nyuwun pandonganipun

Supaya kita bisa dadi putra-putri sing bagus

Sing bisa nggawa asma guru kanthi sae

Kita sedaya uga ndedonga

Supaya kabeh dhawa yuswa lan sehat walafiat

Matur nuwun kanggo sedaya ilmu sing diterangake

Jasa guru bakal dak eling, guruku...




## Mawar

Dening : Farrel Jeremia (9A)

Wektu esuk aku wis gumun  
Ndelok menyang njaba jendela  
Arupa abang neng ngarep kamar  
Nggawe atiku bungah

Kembang mawar ayu rupane  
Tansah dak sirami saben sore  
Kembang mawar mekar kuncupe  
Kaendahane ora ana tandhingane



## Desaku

Dening : Joycelyn Emmanuella Santoso (9A)

Desaku permai tenan

Sawah nyebar amba

Tanduran pada ijo

Pemandangan pada seger

Manuk-manuk padha nembang terus

Antarane wit-witan

Nyanyi kanthi seneng

Esuk srengenge katon abang


Para tani manggul pacul

Jumangkah ing antarane tetandhuran

Sesawangan iku.....

Isih ana.....

Ing desaku



## Virus Corona

Dening : Leilani Shofiona (9A)

Virus cilik kang nyengsarakake manungsa

Akeh jiwa ingkang siya-siya

Tumulare uga cepet banget

Bisa ngenani dening kabeh wong

Virus kondhang ing akeh negara

Kasebut-sebut pandemi donya

Masker irung minangka dadi jejibahan

Sumringah manungsa wis padha ora ketara

Tangan pethukan tangan uga tansah sirna

Manungsa krasa adoh banget

Sekolah menika padha ditutup kabeh

Panggonan umum tansah sepi mamring

Oh Corona.....

Enggal sirnaa saka donya



## Ngibadah marang Gusti

Dening : Moh Ilham Zaki Pranata (9A)

Para dulur lanang wadon

Padha ngibadaha mumpung sih nom

Shalat wajib aja nganti bolong

Puji pandonga aja digawe guyon

Para kanca tansah elinga marang gusti

Dzat kang ngatur lakune donya iki

Gusti kang disambat rina wengi

Supaya dongane menungsa dituruti

Dadi wong aja mung nuruti angkara murka

Luwih becik kang prasaja

Tansah sabar lan sregep donga

Supaya bisa bebarengan menyang swarga

## Covid-19 Rungokna

Dening : Muhammad Satria Megantara (9A)

2020 minangka taun sing ajur mumur

Virus cilik menthik lan serem

Sing dijenengi Covid-19

Nyerang kabeh sak jagad raya

Oh Covid-19

Aku ngerti kowe ora duwe kuping

Nanging aku yakin jeritan lara awakdewe

Kaya telapati sing isa kokrungokke

Oh Covid-19

Kaya ngece anggonmu urip

Ning ora ketara ana

Nanging....

Tekamu gawe donya garing

## **Pandhemi**

Dening : Nadia Intan Prahapsari (9A)

Mangsa pandhemi

Kabeh-kabeh sarwa diwatesi

Marga katon sepi

Kutha kaya mati

Sinau saka omah

Makarya saka omah

Ngibadah uga saka omah

Pandhemi...

Kapan sirna saka buwana?

Wong sak donya tansah nganti-anti

Ayo padha nambahi donga


Supaya pandhemi enggal sirna

Bungah rasane manah

Yen kahanan kaya dhek semana

Kumpul karo kanca kaluwarga

Silaturahmi tanpa rasa kuwatir



## **Nggranggeh Pangimpen**

Dening: Nevia Audya Putri (9A)

Kaya cahya

Kang dadi pepadhang tumuju kabagyan

Kebak ing pangarep-arep

Percaya kanthi perjuangan

Seneng susah kudu dilakoni

Udan angin ora mandheg anggone ngalangi

Nanging tekane pelangin mungkasi

Njalari bisa ngregani

Lelakon kan abot bisa dipungkasi

Kanthi gegadhangan lan karep kang temen

Nyembadani kang dadi sedyane ati

## Surup

Dening: Nevia Audya Putri (9A)

Angin kang tumiyup

Langit kulon kang wiwit peteng

Swarane ombak kang teka lunga

Kahaman laut kang ngresepake ati

Wektu sore kang tansah dianti-anti

Srengenge kang alon-alon sumingkir

madhangi donya

Ngganti wernane angkasa

Endah ing panyawang

Manuk kang mabur bali

Menyang susuhe dadi pratandha

Wektu sore sedhela meneh kudu dipungkasi

## **Mangsa Rendheng**

Dening :Rainy Evelina Kamila Triyono (9A)

Byar byur nelesake lemah

Nggawa esem kanggo kembang-kembang

Kang disambut ijo royone kaendahan

Angin sumilir ngiteri kutha

Golek lahan kang narima

Amrih ora dumadi bencana

Rendheng kang nggrujuk kutha

Kasesek mapan ing dalan-dalan

Kapeksa dumadi bancana

Banjir agawe kutha kayata segara

Asebab manungsa padha lelangen

Rendheng kang nggrujuk kutha

Dadi saksi alane janma

Hei manungsa

Ileng-ilengen tumindhakmu

Lestari buwana iki ana ing astamu

Rendheng iki nggenteni welas asihmu

## Ing Taman Cedak Omahku

Dening : Syakira Hayyun Ramadhani (9A)

Isuk-isuk, bukaen jendela kamarmu...

Sawangen kae...

Birune langit...

Padange srengenge esuk iki...

Ing taman kae

Akeh tawon lan kupu rebutan madu

Capung lan kumbang rebutan kembang


Angin isuk nyebul ebun ing pedhut

Swara manuk kang endah...

Ngiringi lakonmu...

Sawangen kae...

Kembang warna-werni kang endah...



## Sekar

Dening : Tetania tasya S.P (9A)

Tansah ayu...

Kayata ratu...

Rupamu kang werna - werni

Dadi seneng ati iki

Sumilir bayu

Anggawa arum wangimu

Wangi nganti narik kupu

Kupu kang ayu

Wangi nganti narik tawon

Kang ana ewon

Kayata lintang

Kasebar ing antariksa

Wujudmu kang endah

Kasebar ing jenggala

Nanging isih bakal alum

Sekar...



## Cahaya Lintang

Dening : Tetania tasya s.p (9A)

Lintang...

Lelabuh ing awang - awang

Kelap - kelip ing wayah wengi

Kayata lampu werna - werni

Lintang...

Ora bisa kaitung

Wujudmu katon cilik


Nanging tansah apik

Rupamu kang endah

Kasebar ing antariksa

Langit peteng dadi padhang

Amarga cahya lintang



## Makna

Dening : Aditya Rachmad Giraldi (9B)

Ana wayah, wayah ing ngendi pikiranku ora ana rasa.  
aku kur kepingin ndelik lan ora nunjukua diri ing ndonya.  
aku ngerasa kabeh iki wis ilang makna.

Aku panggah kejebak ing pikiranku  
tanpa tema, karakter utama lan ora ana apa apa.  
wektu mlaku luwih cepet saben Dina

Saben bengi krasa luwih dawa  
saben Dina rasane tansaya ora tumata  
Ora ngerti kapan  
rasane Iki wis ngresep ing jero awakku

aku wedi kelangan jati diriku  
bengi mulai ganti ing bengi  
gak suwi bengi angel iku bakal teka,  
ora peduli seangel apa aku wis nyoba

aku percaya alur urip menungsa  
menungsa kudu usaha , aja lali dunga  
kareben uripmu luwih makna.....

## **Pahlawan Kamardikan**

Dening : Angella Buana S. (9B)

Pahlawan, kang dadi dalan kamardikan  
Awak kang ora wedi marang kematian  
Nglelakke nyawamu dadi pondasine kebebasan  
Kanggo bebaske rakyat saking penindasan

Pahlawan, kang awan bengi lawan maut  
Ngalawan musuh-musuh kang semrawut  
Marang kabeh lawan kowe ngajak gelut  
Ra mikirke awakmu pada benjut

Indonesia saiki wes merdeka  
Pahlawan, ingkang perjuangane tanpa sia-sia  
Iki kabeh mergo perjuanganmu  
Yaiku para pahlawanku

## Guru

Dening : Ariq Akbari Fauzan (9B)

Guru...

Panjenengan pahlawan tanpa tanda jasa

Prilakumu kang dadi tuladhaku

Mung sliramu kang dadi pepujanku

Paring ilmu ora nyawang wektu

Panjenengan mulang murid kanthi sabar

Tapi kula damel gelo marang panjenengan

Kepripun cara supadhos panjengan ngapura ning kula

Tanpa guru kula mboten saged nulis

Tanpa guru kula mboten saged maca

Tanpa guru kula mboten saged nuntut ilmu

Guru,

Kados pundi ...

Supadhos kula bisa mbales jasa panjenengan

## Swarga Nuswantara

Dening : AzzahraPramithaWiantasya (9B)

Srengenge katon mletek saka cakrawala wetan  
Kluruk jago gugah turune para widadari  
Embun esuk wiwit nelesi suket  
Awan katiyup angin sumilir kang lumaku sesliweran

Gunung anggambar dhuwur  
Katon gagah saka kadohan  
Mayuta-yuta wit njajar nganti jejeg  
Senadyan ngenteni tekane srengenge

Endahe asil karyane Gusti Kang MahaAgung  
Salah sawijining mukjizat kanggo Indonesia  
Muga bisa awet nganti generasi sebanjure  
Supaya lestari lan dieling selawase

## Cahya

Dening : Fanissa Aqila (9B)

Srimbit angin ngelus wengi

Sang candra ora mung nyinari pratiwi

Lintang lunga ora mung ndandani tawang

Katutup mega kelawu kang nerawang

Yen ora ana wulan

Sapa kang tunjukke dalan?

Yen ora ana lintang

Sapa kang dadi pelipur larane insan?

Duduk wulan...

Kang tunjukke dalan

Duduk lintang...

Kang dadi pelipur larane insan

Tapi Al – Qur'an

Kang tunjukke dalan uga dadi pelipur lara insan

## Rembulan

Dening : Fidela Leilani D (9B)

Ing pungkasan sonten iki

Tan ana cahya ingkang padhang

Ngliyake mega kang peteng dhedhet

Tanpa cahya rembulan

Duh Gusti...

Rembulan datheng pundi ??

Kula ngrantosi rembulan

Cahyane sing sumorot ing saben bengi

Oh rembulan...

Cahyamu nan padhang njinglang

Lintang–lintang kang sumebyar -sebyar

Ingang madangi sajroning jagad raya

Wengi iki mung ana mega ireng

Heh.. mega ireng nyingkira

Aja ngalingi cahya rembulan

Oh rembulan takenteni cahyamu

## **Amerga corona**

Dening :FidelaLeilani D (9B)

Ing wayah esuk...

Ngagem seragam banjur mbukak laptop

Sing biasane budhal dhateng sekolah

Saiki mung nek omah wae

Iki kabeh amarga korona

Amarga korona sekolah ditutup

Amarga korona sekolah kanthi online

Amarga korona akeh murid dadi bodho

Duh Gusti.. kapan kabeh iki rampung

Kita mung bisa ndedonga

Supaya kabeh iki enggal rampung

Supaya murid isa sinau ing sekolah maneh



## Ibu

Dening : Jaisy Nail El Digwi (9B)

Ibu...

Rangkulan panjenengan anget banget marang kula

Tansah ana kanggo kula

Nguatake kula

Nalika seneng utawa sedhih

Ibu...

Pundhak panjenengan daktangtung

Kebak crita kula

Tanpa ngeculake sampeyan nguatake

Ibu...

Salah kula kaya busa ing segara akehe

Dudu duka sing panjenengan paringi

Nanging pitutur Ian saran sing dakkrungu

Matur nuwun Ibu...

Ridho panjenengan tansah ing kula

Donga kula

Mugi Gusti Allah maringi raos bungah

dhumateng panjenengan

## Sinau

Dening : M. Putra R.(9B)

Saben esuk budhal sekolah

Awak krasa seger sumyah

Golek ilmu ingkang berkah

Supaya mbesuk ora susah

Ayo kanca sregep sinau

Aja males nggayuh impenmu

Nyenengake bapak ibu

Ayem tentrem uripmu

Urip aja seneng nggresula

Sregep sinau lakonana

Dadi pawongan ing kang mulya

Miguna tumrap bangsa lan negara

## Penyemangatku

Dening : Rachma Dwi L (9B)

Periode pagebluk

sing ndadekake dina ora ana artine

Srengene sing bakal sumunar nalika esuk

Tetes udan sing mara-mara

teka ing wayah sore

Tansaya gawe siklus kauripanku

luwih semrawut

Sistem pendhidhikan sing saya rumit

Masalah kuota lan sinyal sing diremehake

Tumpukan tugas sing angel

Dikerjakne mesthi ana

Ndadekake aku kesed sinau mandiri

Nalika aku ngalami dina-dina sing ala

Kowe teka dadi pepadhang ing pepetenganku

Kowe minangka wong sing pancen menehi

inspirasi marangaku

Amarga kowe, dina-dina ku sajrone pagebluk iki

tansaya endah

## Wengi

Dening : Rahayu Ingratrimulya Saputri (9B)

Nalika langit wiwit peteng

Sinar bagaskara surup alon-alon

Manuk pada mabur mulih

Kanggo ngaso ing susuh kang ayem tentrem

Langit saya suwi saya peteng

Ninggalake cahya kang baturi sedina muput

Sepi...

Tanpa lintang tanpa rembulan

Ing wengi, kahanan katon anteng

Para tani padha kondur

Kanthen matur ing jero batin

Muga-muga sesuk teka isuk kang edi peni

## Lintang

Dening : Rahayu Ingratrimulya Saputri (9B)

Sumebyar ing cakrawala

Kelap-kelip katon endah

Gumantung ing langit ireng

Adu ayu karo rembulan

Lintang...

Nyenengake mripat sing nyawang

Sapa wae bakal tresna


Dirayu dening ayune para lintang

Karo rembulan, lintang nghiasi langit wengi

Nganti langit katon endah lan sumringah

Tanpa lintang...


Langit sepi lan katon nelangsa



## Banjir

Déning : Reza Savana F.(9B)

Isuk iki langit sinawang mendhung  
Ora krasa langite dadi peteng dhedet  
Udan deres akhire logor saka langit  
Bumi iki dadi teles kabeh



Udane suwi ora mandek - mandek  
Banyu saka kali wes mulai dhuwur  
Sithik sithik banjire wes teka  
Ngangetaké kuta iki

Banyune reged anggawa lelara  
Manungsa namung bisa dedonga  
Sanajan omah kelelep gawe sengsara  
Nanging ati kudu kuwat nandang pacoba

## Mega

Dening : Rose Sita Rachman (9B)

Kasebar ing awang-awang

Putih, abu-abu, lan ireng

Werna-werna endah

Rerupa gelombang-gelombang ombak

Kandel lan ayu banget

Nganti bagaskara ora bisa katon

Pelangi uga katon ora kebak

Amarga kemul nutupi dheweke

Adoh ing kana

Panutup jagad raya

Putih tipis


Medar ing ngendi-ngendi

Ayu ora gawean

Pengenaku ngrangkul dheweke

Alus lan apik

Endahe ora ana sing nandingi



## Lathi

Dening : Rose Sita Rachman (9B)

Lathimu kadang apik

Lathimu kadang pedes

Lathimu ora duwe balung

Amarga lathi, wong nangis

Amarga lathi, wong ngguyu

Lathi iku mung cilik,


Nanging bisa ngiris sewu tatu

Tatu sing wes ngukir ing ati

Tatu sing wes angel ditambahi

Ati-ati, jaga lathimu

Amarga ajining diri ana ing lathi





## Dunya Akhirat

Dening : Amalia Meilani (9C)

Urip ing dunya iku mung sementara

Urip ing akhirat iku selawase

Elinga iku para kanca

Ayo kita ngakehi dunga

Wahai kowe sing rajin ibadah

Mestine tansah sregep buka sajadah

Ayo kita ngakehi ibadah

Supaya diwenehi berkah

Rungokno kabeh menungsoa

aja tansah mung ngapiki gayane

Yen ati tansah kagoda


Neraka yo bakal kebuka

Yen wong iku due iman

Mesti ati tansah aman

Isa jaga lisan lan tetembungan

Lan isa dadi penduduk surga idaman



## Kanggo Awakmu

Dening : Arghia Putri C.M.W (9C)

Sahabat iku....

Wong sing mesthi ana ing sisihku

Nalika aku seneng utawa sedhik

Dheweke mesthi menehi semangat nalika aku kesel

Dheweke dadi papan sing dak kandhani nalika sedhik

Kita butuh siji liyane

Kita seneng bareng, sedhik uga

Yen aku salah, dheweke mesthi ngelingake aku

Kita ora perlu ngomong kanggo ngerti ati liyane

Kanthi kontak mata, kita wis ngerti apa sing kita pikirake

Kita bakal pisah ing sawijing dina

Nanging kita bakal tetep kekancan selawase

Karo beda kenangan ing papan sing padha

Kita ndeleng langit ing sakiwa tengene

Lan aku tansah ngucapke matur nuwun

Amarga sampeyan teka kula.....

## Pageblug

Dening: JauharotunNafi'ah (9C)

Ing Nuswantara...

Kahanan saya suwe tansaya nggegirisi

Pageblug sing wis sak mangsa

Dirasa para warga sakdonya

Sakanane pegawean

Sakanane kagiyatan

Mati plethes

Sepi mampring

Golek sandang pangan tansaya angel

Sesambate para warga ngaruara

Duh Gusti....

Kapan pageblug iki bakal sirna

Akeh cacahé sing Iara

Lan uga akeh sing padha tilar donya

Rina wengi tansah sesambatan

Virus Corona arane

Tansaya sumebyar

Ing tlatah Nuswantara

Ora pilih-pilih manungsa

Yen orang ati-ati bakal kepati

Mula padhaa nggatekake

Welinge simbok

Tansah resik


Ngurangi sesrawungan

Lan tansah jaga kesehatan

Mugi-mugi pageblug iki enggal sirna

Gusti kang murbeng dumadi

Namung menika panyuwun kula



## Bareng karo Udan

Dening : Kania Grace Angelina (9C)

Butiran mutiara netes ing sepi

Butiran mutiara dadi kanca kala sunyi

Mutiara-mutiara cilik

Ngalir bareng pangarep-arep

Suwung.


Nganti ora sanggup maneh

Sak umpama aku isa,

Ngendeke mlakune waktu

Sak umpama waktu iku

Gak sumpah benci marang sliramu



## **Asih Tresnane Ibu**

Dening : Mara Elim (9C)

Tresnamu kaya bagaskara

Tresnamu tansah nguatake atiku

Esemmu nentremke batinku

Ibu,

Sing tansah njaga aku salawase

Sing nuntun aku marang dalan kang becik


Senajan aku nakal,

Aku asring gawe ibu kuciwa,

Nanging ibu panggah tresna marang aku

Namung siji panyuwunku

Muga-muga ibu tansah bagas waras



## Tunas Bangsa

Dening: Mara Elim (9C)

Tunas bangsa,

Nemtokake nasib bangsa

Generasi emas bangsa kang gemebyar

Menehi sumunar cahya kanggo kabeh pengarepan

28 Oktober 1928 puncake

Para mudha Indonesia ngumandangake

Sumpah Pemuda

Ikrar kang sekti mandraguna

Para pemudha bersatu,

Ngorbanake jiwa raga tanpa sisa

Miguna tumrap bangsa lan nagari

Aku bakal njaga teges nyata Sumpah Pemuda

Guyup rukun marang kabeh manungsa,

Nduweni budi pekerti luhur,

Bisa dadi tepa tuladha,

Sregep sinau,

Kareben ngesuk dadi wong kang aji

## Akhirat

Dening : Safira Cantika N. (9C)

Urip mung sedhela, kancaku  
Ojo disiak-siakne  
ngresiki atimu lan kuatake imanmu  
Tansah eling marang Gusti Allah

Yen kepengin dadi wong sing manut  
Banjur langsung tobat  
Ucapake Salam lan solawat  
Supaya slamet ing akhirat

Aja kakehan ngomong kasar  
Kaya wong sing ilang  
Cepet-cepet sadar  
Tansah eling marang maha agung

Sregep - sregep menehi amal  
Lan aja serakah  
Amarga amal nggawa berkah  
Lan Urip dadi luwih apik



## Kanca Ku

Dening : Safira Cantika N. (9C)

Kancaku..... yen kelingan...  
Kita mung ketemu sedhela  
Nanging aku isih bakal kelingan sliramu  
Ing jero atiku jero banget

Aja lali aku  
Nalika wis karo kanca anyar  
Tetep kelingan babagan jaman biyen  
Mbesuk yen ketemu

Sampeyan kanca kanthi suka cita lan sedhih  
Sampeyan mesthi nyenengake aku  
Sanajan ora nate nglarani sampeyan  
Nanging sampeyan mesthi seneng

Kanca sejati iku langgeng  
Aku ora prelu golek maneh  
Muga-muga kita ora ana ing kono maneh  
Sedhih banget ati iki

## Guruku

Dening : Ahmad Sidiq W. ( 9D)

Guru...

Panjenengan pahlawanku

Pahlawan tanpa tanda jasa

Ngilangi kebodhohan ing uripku

Menehi ilmu kanthi ikhlas lan sabar


Guru...

Panjenengan kaya widadari mudun ing bumi

Kang dadi pelita uripku

Jasa jasamu kaya kartika ing awang-awang

Kang akeh ora keitung



## Corona

Dening : Amanda Dyah Kusuma P (9D)

Corona ...

Bahayamu ...

Seranganmu ...

Bumiku sing tenang iki dadi waspada

Awakku, mentalku dadi targetmu

Aku ngerti, ora bakal gampang

Nanging ...


Aku bakal terus nyoba

Nglindhungi

Ngurusi

Supaya awak lan jiwa ku kuwat ...

Kaya benteng sing siyap siaga



## Sumelang

Dening : Amanda Dyah Kusuma P (9D)

Aku ngerti iki ora gampang ...

Kasumelangan mu mesti merajalela ...

Pancen angel yen diilangi mung nganggo kata-kata

Nanging elinga

Sampeyan iku...

Sekuwat gatotkaca

Sewani ombak segara

Lan setangguh wit ringin

Dadi tenang wae ...

Aja wedi ...

Amarga sampeyan iku ...

Cahya kanggo sampeyan dhewe

## Srengenge

Dening : Amanda Dyah Kusuma P (9D)

Aku ndeleng srengenge dina iki ..

Cahyane mekar kekuningan

Panase kaya rangkulan

Srengenge..

Seneng ati iki..

Kaendahanmu kaya sajak-sajak geguritan

Srengenge..

Terusa mekar kaya saiki

Tekamu bakal dak sapa saben isuk



## **Endahe Alam**

Dening : Isa Alam Nur Aghsa (9D)

Yen mandheng alam iki ..

Pikiran susah dadi endah

Anggugah semangat urip kangge jiwa iki

Atiku dadi sumringah lan bungah

Yen ndeleng uwit ijo royo-royo

Awujud ciptaan sing kuasa

Lan kesucian sinar surya

Kanggo padhange dunya iki

Puji syukur matur nang Gusti Allah

Marang kaendahan isine ing bumi

Sing kudu dijaga lestariane

Tanpa ngilangake kaendahane



## Tresna

Dening : Janne dwi. (9D)

Tresna kuwi sepele

Tresna kuwi ya kowe karo aku

Tresnamu kaya surya

Nanging ya kaya samudra

Tresnamu bisa nekakake mega

Nanging saiki tresnamu kaya dahana

Awit aku mbok tinggalna

Langit data peteng

Ora ana candra apa maneh kartika

Atiku kaya bawana sing lemahe nela-nela

Maruta, kandhakna yen aku isih tresna



## Ibu

Dening : Mareta Agung S. (9D)

Ibu...

Panjenengan seng nglairne kula

Panjenengan abaikne seneng panjenengan

Panjenengan pertaruhne nyawa panjenengan

Kanggo kula anak panjenengan

Ibu...

Tanpa panjenengan

Krasa luwih abot anggen kula mlampah

Do'a ibu kang tulus

Tansah ngiringi kula

Ibu...

Tansah tulus pengorbanan saha katresnanmu

Kanggo kula lan adek kula

Maturnuwun ibu..



## Omahku

Dening : Mareta Agung S. (9D)

Omahku...

Ora megah lan mewah

Ora magrong-magrong

Nanging isa kanggo papan urip

Ing Panggonan iki...

Aku manggon

Aku ngrasakne seneng lan sedhik

Panggonku ngumpul karo kaluwargaku

Nalika bali sekolah

Aku bali ing omahku

Disambut bapak lan ibuku

Aku ngerjakake PR lan tugas ing kene

Omahku..

Anggonku rumangsa aman

Anggonku leren lan turu

Ing kene panggonku bagi carita

## Bapak

Dening : Salsabilla Davina Syifaa (9D)

Bapak

Rino wengi nyambut gawe, tanpa rasa lesu

Tansah kuat lan tanpa sambat

Mung kanggo aku

Pak niki anakmu

Kang durung saget nyenengke bapak

Kang durung saget nyenengke keluarga

Kang isih dados tanggunganmu Pak

Nanging bapak

Anakmu ora bakal nyerah Pak

Anakmu iki bakal bangga ke bapak

Lan bangga ke keluarga kabeh

Kanggo nyekel lintang ana ing langit

Kang kadhang ditutup mendhung

Kang kadhang mripat wae wes ora bisa weruh

Ananging anakmu iki janji pak

## Guru

Dening: SatriaWibowo (9D)

Guruku...

Amerga panjenengan kula dadi pinter.

Amerga panjenengan kula sing ora isa dadi isa.

Panjenengan sing didik lan mbimbing kula.

Guruku...

Matur suwun kanggo ilmune.

Ilmu kang bisa ndadekake kula wong berguna.


Panjenengan pahlawan ing urip kula.

Guruku....

Pituturmu bakal tak eling

Tuladhamu bakal tak lakokne.

Jasamu ora bakal tak lalikne



## Sepurku

Dening : Adhima Anfasa Bilqi (9E)

Sepurku..

Swaramu tansah merdu

Bola bali ing stasiun

Ngeterake penumpang nganti tujuan

Sepurku

Ban Wesimu muter terus ing rel dawa

Desa lan gunung-gunung mok lewati

Pemandangan seng nggawe ayem ing ati

Sepurku

Mlayune banter lan gagah

Tansah kuat senjata badai lan angin nerjang

Ngeterake penumpang nganti selamat

Jayalah Sepurku

## Kanca Sejati

Dening : Karla Kirana Salsabila (9E)

Kanggo sampeyan ...

Aku pengen sampeyan ngerti

Yen sampeyan pelangi ing uripku

Sampeyan nggawe dinaku warna-warni

Saiki aku ngerti yen sampeyan malaekat

Sing sabar ngadhepi nesuku

Eling aku nalika aku salah kanthi alus


Dadi pepadhang uripku nalika aku peteng

Sampeyan wong paling apik ing jagad iki

Saiki, sesuk, mbesuk

Aku bangga ketemu sampeyan

Muga-muga sampeyan ora bakal nilar aku



## Kupu-Kupu

Dening : Luna Avriella Azzahra (9E)

Aku Njelma dadi kupu-kupu,

Kang duwe swiwi rapuh.

Sawise ana angin puyuh nggawa cabang wit sing lancip.

Suwiwiku sing rapuh pecah, alon-alon remuk.

Nggawa pengarep-arep lan pandongaku sing saiki wis sirna.

Aku ora duwe sayap maneh.

Dadi aku milih pusaran sing luwih jero.

Sing peteng lan surem.

Banjur kabeh wis peteng.

Nanging aku yakin, swiwiku sing rusak saiki dudu dhewekan.

Amarga dheweke nggawa aku, ora ngerti ing endi.

## Kanca

Dening : Nabila Putri Kinanti (9E)

Kancaku...

Awakmu luwih saka obat

Pas aku ana masalah

Tak ileng awakmu dadi pahlawanku

Seng wes nyelametke aku saka kesedihan

Kancaku...

Awakmu wes kayak pelangi neng tengahe udan

Ngancani pas aku sedih

Tapi saiki aku kesepian

Amarga wektu seng isa ndadekne kayak ngene iki

Kancaku...

lilinga aku senajan awakmu adoh saka aku

Nyeluka jenengku pas awakmu kangen karo aku

Cekelen omonganku menyang awakmu

Awake dewe mesti isa bareng-bareng

Ing liya wektu

Lan ngukir crita bab panguripan

## Gunung Kelud

Dening : Nurina Yulia Artanti (9E)

Kelud ...

Awakmu gedhe dhuwur meh nyundhul langit

Puncakmu ndemek awan putih

Lerengmu dikerubuti tanduran ijo

Kaendahanmu ngademke mripatku

Kabeh sinawang dadi gumun

Oh Kelud ...

Warnamu ijo katutup wit-witan

Kewan miber padha gegojekan

Suara cipratan banyu krungu kricik-kricik

Ngalir saka dhuwur tiba ing ngisor

Hawane kang tansah seger

Alon-alon srengenge jumedhul ko wetan

Cahyane nembus jagad iki

Nggugah semangat jiwaku

Kicau manuk wiwit keprungu

Ngiringi esuk sing dina iku

Nguripake swasanane donya

Supaya manungsa kebak rasa bagya



## Atiku

Dening : Shandya Pitaloka Kharina Putri (9E)

Nalika nangis ora bisa ditahan,  
Aku krasa abot banget,  
Lambe mung bisa meneng wae,  
Lan alon-alon nangis

Sanajan lara,  
Nanging aku kudu tetep kuwat,  
Teguh lan ora rapuh...

Amarga uripku isih durung suwe,  
Isih ana kesempatan kanggo ngukir rasa seneng,  
Werna lukisan urip sing meh klelep,  
Amarga cahya surem...

Lan aku isih duwe Gusti Allah,  
Sing tansah setya ing sisihanku,  
Krungu kabeh curahan atiku

## Kekancan

Dening : Tiara Ardita Rahmadani (9E)

Ing SMPN 1 Kediri iki

Dina dina wis tak lakoni

Susah seneng wis tak rasakake

Bareng kanca-kancaku

Kelas sing unik

Kreatif ing guyon

Kelas sing rumit

Kompak ora kompak

Padha ing wayahe pungkasan

Rongtaun kebek rasa seneng

Ananging ora ing taun iki

Perjuanganku isih durung mari

Aku kudu semangat

Supaya lulus kanti biji sing apik

## **Rembulan**

Dening : Danica Adristi Beryl Fausta (9A)

Rembulan

Sliramu tansah agawe kelingan

Cahyamu sumebar ora karuan

Gawe bengi kaya awan

Gagah prakosa mustikaning awang-awang

Sorotmu paling padhang

Kairing sewu lintang


Kang kabentang

Rembulan

Bageyan saka kauripan

Wayah wengi padhangana papan panggonan

Kanggo masa depammu



## Janjiku

Dening : Najwa Berliana ( 9C)

Ibu ....

Panjenengan sing ngelairme aku

Panjanegan sing ngerawat aku

Panjenengan sing dongakne aku

Ibu...

Kasih sayangmu sing tulus

Ora bisa digantiake

Pengorbananmu tanpa wates

Ora bisa aku wales

Ibu...

Anakmu iki bakal ngawe ibu bangga

Anakmu iki ora bakal nyerah

Iki janjiku marang ibu

## Ora Apa Apa

Dening : Paundra Pujo Darmawan (9B)

Ora apa apa

Tarik napasmu sing dawa

Sampek dada kerasa rada lara

Sampe kerasa ora ana sing sisa

Ora apa apa

Yen napasmu ora pati dawa

Ora ana sing nyalahke awakmu

Kabeh wong ngelakoni kesalahan

Aku weruh yen iku mung tetembungan

Aku weruh kowe ambegan dawa

Banjur aku ora ngerti jerune

Ora apa apa, aku bakal ngerteni

## TPQ KU

Dening : Gilang Ramadhan (9C)

TPQ ku..

Panggonan anggonaku golek ilmu...

TPQ ku....

Diwulang dening ustadz lan uztadzahku...

TPQ ku....

Sinau maca Al-quran lan ngresiki musholla

Ing panggonan iki

Aku diwarahi karo wong tuwaku kudu bekti

Ing mushola iki

aku diwarahi marang kancane aja sreji

Diparingi PR lan tuturan

Kanggo urip ing tegahing brebayan

Aku percaya...

Senajan abot kudu dilakoni

kabeh mau kanggo kepentingan pribadi

kareben dadi wong kang ajimiguna

tumrap bangsa lan negeri

## Amarga Corona

Dening : Jesiska Sasradewi (9A)

Saiki kabeh beda

Salam tanpa salaman

Ketemu tanpa cedhak

Lan ngobrol nanging ing mburi topeng

Akeh wong sing nemoni masalah

Akeh wong sing sedhih

Tangisan bisa keprungu ing endi-endi

Rasa wedi uga tansah ngubengi

Kabeh iki amarga dheweke

Asale saka wuhan

Cilik nanging agawe maut

Dheweke Corona

Saiki sambat ora ana gunane

Sing dibutuhake mung sabar

Ndedonga luwih

Muga-muga kabeh iki enggal rampung

## Buwana Tuwa

Dening : Abel Putra Wahyu Prasetya (9A)

Sansaya tua buwana kita

Sansaya ilang kesadharan penduduke

Buwana sing kudune dirumat

Malah dirusak dening manungsa

Gusti wes menahi peringatan

Karo bancana alam sing kedadeyan

Banjir lan lemah ambruk

Isih dadi memedi kanggo manungsa

Para dulur-dulur

Ayo pada njaga buwana iki

Pungkasana lek mu ngrusak alam

Ampruh aman saka bancana alam



## Cahaya Lintang

Dening : Tetania tasya s.p (9A)

Lintang...

Lelabuh ing awang - awang

Kelap - kelip ing wayah wengi

Kayata lampu werna - werni

Lintang...

Ora bisa kaitung

Wujudmu katon cilik

Nanging tansah apik

Rupamu kang endah

Kasebar ing antariksa

Langit peteng dadi padhang

Amarga cahya lintang



## Tresna Kaluwarga

Dening : Radista Avrilio P. (9B)

Kulawarga minangka pelindungku

Aku tresna tenan karo ibu

Aku tresna karo bapak

Aku uga tresna marang mbakku

Dheweke kulawarga, pancen duweke kabeh

Seneng banget duwe dheweke

Ana mesthi bungah lan sedhik

Kita mesthi saling nglengkapi

Ampun pisah, Gusti

## Gotong Royong

Dening: Sri Ratih Kencana Dewi (9B)

Pratanda wis katon padhang

Ayo kumpul bareng masyarakat

Aja lali nggawa sapu lan sikat

Bebarengan padha semangat

Ayo padha gotong royong

Supaya lingkungan resik saben dina

Ayo melu, aja meneng

Nyingkirake kawasan sing reged

Supaya nityasa seneng

Pemandangan endah bisa dideleng

Yen lingkungan adhem ayem

Masyarakat ayem tentrem

## Ngendikane Ibu

Dening : Viola Agte A (9D)

Jaman saiki wes beda

Jaman saiki sarwa kepenak

Sarwa dikepenakna

Biyen....

Ngendikane ibu

Sekolah kuwi rekasa

Lan sarwa tangan

Wiwit isuk nganti awan

Nulis, nyatet, lan nggarap gladen soal

Sarwa tangan..

Wayah bengi

Sinau dikancani ublik

Ubluk melik – melik

Jaman saiki wes beda

Jaman saiki sarwa kepenak

Sarwa dipenakna....

Ngedikane ibu

Andadekake..

Bocah lumuh, keset

Lumuh nulis, lumuh maca

Amarga sarwa kepenak

Amarga anane hp

Amarga anane internet



